ISSN: 2181-3906 2024

International scientifijournal
«MODERN SCIENCE AND RESEARCH»
VOLUME 3 / ISSUE 4 / UIF:8.2 / MODERNSCIENCE.UZ

# OQIWSHILARDI MUZEY MATERIYALLARI MENEN TANISTIRIW ARQALI WATAN SÚYIWSHILIKKE TÁRBIYALAW

**Qosımbetova Ziywar Esbosinovna**
NMPI Magistratura bólimi «Pedagogika teoriyası hám tarıyxı» qánigeligi
1-kurs magistrantı.
https://doi.org/10.5281/zenodo.11077610
***Annotociya.*** *Maqalada muzeyde saqlanıp atırǵan uzaq jıllar dawamındaǵı xalqımızdıń ótmishi, salt dástúri, tutınıw buyımları qullası turmıs tárizi sáwlelengen eksponatlar menen tanıstırıw arqalı oqıwshılarda watan súyiwshilikke tárbiyalawdıń pedagogikalıq shart-sharayatları sóz etiledi.*
***Gilt sózler:*** *Oqıwshılar, muzey, tarıyxıy materiallar, watan suyiwshilik, milliy maqtanısh, eksponatlar, tarıyx, ádebiyat, úlketanıw, qol óneri, sayaxat.*

## EDUCATING STUDENTS TO LOVE THE MOTHERLAND BY INTRODUCING THEM TO MUEY MATERIALS

***Abstract.*** *In the article, the pedagogical conditions for educating students to love the motherland by introducing them to the exhibits representing the past, the program, the products used, and the way of life of our people, which have been kept in the museum for a long time, are defined.*
***Key words:*** *readers, museum, historical materials, patriotism, national pride, exhibits, history, literature, geography, handicrafts, travel.*

## ВОСПИТЫВАТЬ У ШКОЛЬНИКОВ ЛЮБОВЬ К РОДИНЕ ПУТЕМ ОЗНАКОМЛЕНИЯ С МУЭЙ-МАТЕРИАЛАМИ.

***Аннотация.*** *В статье рассмотрены педагогические условия воспитания у школьников любви к Родине путем ознакомления их с экспонатами, отражающими прошлое, программу, используемые продукты, быт нашего народа, хранящиеся в музее на протяжении многих лет. давно определены.*
***Ключевые слова:*** *читатели, музей, исторические материалы, патриотизм, национальная гордость, экспонаты, история, литература, география, ремесла, путешествия.*

Tárbiya máselesi oǵada quramalı, bir tutas túsinik. Hár qanday oqıwshıǵa, búgingi jas áwladǵa ayırım-ayırım túsindiriw - bul qáte túsinik bolar edi. Sebebi tárbiyanıń meyli qanday túri bolsın ol bir-biri menen tıǵız baylanıslı. Mektep oqıwshılarına milliy, ádep-ikramlılıq, estetikalıq, dene tárbiyası, ekonomikalıq, miynet súyiwshilik, aqıl tárbiyası hám t.b. tárbiyalar menen bir qatarda watan súyiwshilik tárbiya beriw isleri - bul búgingi pedagog-oqıtıwshılar aldındaǵı oǵada juwapkershilikli wazıypalardan sanaladı. Muzeyde saqlanatuǵın ekponatlar hámde kórgizbe tiykarında ilimiy massalıq túsinik jumısları alıp barıladı, sonday-aq usı tiykarda tárbiyalıq wazıypanı orınlaydı.

Muzeyler jámiyetlik wazıypalarına salıstırǵanda ilimiy-izertlew, ruwxıylıq hám oqıw muzeylerine ilim hám kórikem-ónerdiń belgili tarawına qánigelestirilgen muzeylerge, úlketanıw muzeylerine, sonıń menen Katar belgili tariyxıy waqıyalar, ataqlı, jurtımız súygen perzentlerge baǵıshlanǵan memorial (úy muzeyleri) bolıp bolınedi.

Muzey - mektep oqıwshılarına sal ayırım pánniń tarawlarına, yaki tariyxıy ádebiy protsesske qatnaslı bolsın, yaki belgili el, xalıq perzentleri haqqında óz úlkemizdiń bay materiallıq hám ruwxıy miyrasına tiyisli maǵlıwmatlar beriwde bolsın oǵada belgili derek hám tárbiya quralı bolıp sanaladı.

Biraq sonı de aytıw kerek sońǵı waqıtlarda mekteplerde, shańaraqlarda hám mektepten tıs mekemelerde muzeylerge shókkishn qızıǵıwshılıqtıń páseyip ketkenligi seziledi. Sonıń ushın de jámiyetimizdiń ruwxıylıǵın rawajlandırıw mámleketimizdiń siyasatı dárejesinde qaralıp atırǵan házirgi dáwirde jas áwladtı, búgingi jaslardı muzeylerge tartıw, alardı muzey hám ondaǵı materiallıq hám ruwxıy baylıqlardan xabardar etiw, túsinik jumısların hám tanıstırıw jumısların alıp barıwda búgingi kúnniń áhmiyetli shınıǵıwalalarınan biri dep bolsaplaymız.Muzeylerge sayaxat hám seyiller belgili reje tiykarında dúziledi. Al sayaxat hám seyillerdi shólkemlestiriwde eń ápiwayı nárseler de dıqqattan shette qalmawı kerek.

Muzeylerge sayaxatlardı shólkemlestiriw jumıslarınan tómendegilerdi atap ótiwge baladı:

- sayaxatlardan mektep admınıstratsiyasınıń xabardar bolıwı;
- oqıwshılar ata-analarınıń xabarlı bolıwı;
- sayaxatlardıń oqıw protsessine kesent etpewi;
- sayaxatqa aldın-ala tayarlıq júrgiziliwi;
- sayaxat barısında jol háreketi qádelerine qattı boysınıwı;
- oqıwshılardıń kerekli úskeneler menen támiyinleniwi.

Biziń pedagogika ilimi aldındaǵı belgili wazıypalardan biri muzeyler mektep oqıwshıları hám jas óspirimlerdiń watan súyiwshilikke tárbiyalanıwına qaysı dárejede tásir kórsetip atırǵanlıǵın biliw bolıp tabıladı. Bunda biz tómendegishe baǵdarlarda jumıs alıp barıwımız tiyis:

- muzeylerdiń mektep oqıwshılarınıń tárbiyasına tásiri;
- muzeylerge shólkemlestiriletuǵın sayaxatlar nátiyjeliligi;
- muzeyge sayaxattan balalardıú qanaatlanıwshılıq, kewli tolıwshılıq dárejesin anıqlaw.

Joqarıdaǵı baǵdarlardı basshılıqqa alsaq oqıtıwshı oqıwshılar menen tómendegishe sistemada jumıs alıp barıwı maqsetke muwapıq bolıp bolsaplanadı.

Birinshiden: muzeylerge belgili tarawlar boyınsha ekskursiya shólkemlestiriliwi múmkin (tariyx, ádebiyat, úlketanıw, qal óneri hám t. b.). Bunda birinshi náwbette oqıtıwshı oqıwshılar menen sáwbetlesiwler júrgizedi. Bul sıyaqlı muzeylerge sayaxatta bilimlendiriwdiń didaktikalıq principlerine hámde ózine tán ózgesheliklerine itibar beriw hám bul iyis tómendegi baǵdarlarda alıp barılıwı maqsetke muwapıq baladı. Ekskursiyada belgili bir dáwirdiń jámiyetlik-mádeniy turmısı máselelerin úyreniwde muzeylerden paydalanıwdıń de tutqan ornı ayrıqsha. Mısalı, tariyx sabaqlarında hár qanday dáwirdiń mádeniy rawajlanıwı máselelerin úyreniw barısında usı mádeniy miyras materialları tiykarında oqıwshılardıń bilimi tereńlestiriledi. Eń áyyemgi estelikler mádeniy, tariyxıy, ilimiy shıǵarmalar hám basqa de derekler arqalı jetip keliwi menen birge áyyemgi kórikem-óner úlgileri, eń áyyemgi qáwimler hám elatlar jasaytuǵın jerlerdegi diywal paqsalarına oyıp salınǵan súwretler túrinde de oqıwshılar sal dáwirdegi xalıqtıń turmısı, jasaw sharayatı, ómiri, mádeniyatı menen tanısadı.

Eginshiden: mámleketlik iskerler, el, xalıq perzentleri, mádeniyat tarawı hám basqa de taraw aldıńǵılarınıń dóretiwshilik jolın, miynetlerin úyreniwde muzey materiallarınan paydalanıladı.

Muzeyler oǵada áhmiyetli tárbiya quralı bolıp oqıwshılar al arqalı ilim hám kórikem-ónerdiń belgili tarawlarına, watanımız tariyxınıǹ belgili dáwirlerine, tariyxıy waqıyalar, belgili mámleketlik iskerler, ilim hám mádeniyatqa miyneti siǹgen miynet aldıńǵıları haqqında maǵlıwmatlarǵa hám bilimlerge iye baladı. Bul hasıl baylıqlardan mektep oqıwshıların watan súyiwshilikke tárbiyalawda ónimli paydalanıw zárúr. Sonlıqtan pedagoglar oqıwshılar menen muzeylerge sayaxat shólkemlestiriwdi belgili maqsetlersiz hám rejelersiz ótpewi kerek. Al maqsetke muwapıq shólkemlestiriliwi, muzeydegi eksponatlar menen tanıstırıwı, sayaxattan soǹ oqıwshılardıǹ sáne seziminiǹ qaysı dárejede artqanlıǵın anıqlaw maqsetinde sáwbetlesiwler shólkemlestiriwdi izbe-ızlıq penen alıp barıw - bilimlendiriw nátiyjeliligin arttırıw menen bir Katarda hár tárepleme rawajlanǵan shaxs tárbiyasında belgili áhmiyetke iye.

Qaraqalpaq xalqınıǹ mádeniyatı hám kórikem-óneri ozınıǹ basqa xalıqlarda tákirarlanbaytuǵın belgilerine iye. Al belgiler xalıqtıǹ áyyemnen kiyatırǵan negizgi úlgileriniǹ saqlawı, sal úlgiler sırtqı hám ishki ekonomikalıq, mádeniy, estetikalıq, diniy hám t. b. tásirlerdiǹ nátiyjesinde bir qansha ózgerislerge túsip rawajlanıwı arqasında qáliplesken. Al qaraqalpaq xalıq qal ónerinıń mısalında anıq kórinedi. Qal óneri xalıqtıǹ kúndelikli jumısı menen tıǵız baylanısta rawajlanadı. Muzeyde qal óneri materialları túrlishe tematikalıqası boyınsha bólimlerge bolınip turadı. Mısalı: qal óneri shıǵarmaları zergershilik, aǵashqa naǵıs oyıw, toqımashılıq, gilemshilik, keste toqıw, gúlalshılıq, teriden buyımlar islew, súyekke naǵıs oyıw usaǵan túrlerden turadı.

Mektep oqıwshıların watan súyiwshilikke tárbiyalawda muzey eksponatlardı tek tanıstırıp, atamaların úyretip qoymastan, al tanıstırıp otırılǵan eksponattıǹ tariyxı, hátteki kórikem ádebiylik tárepleri (aǹız, ráwiyat, naqıl-maqallar, xalıq qosıqları, terminler) qollanılǵan sal tematikalıqaǵa baylanıslı táreplerin de aytıp ótiw maqsetke muwapıq bolıp bolıp esaplanadı.Hár qanday muzey eksponatları haqqında túsinik beriwshi (ekskursovod) shaxs mektep oqıwshılarına watan súyiwshilik tárbiyasın beriwde qurǵaq ǵana túsinik bermey, al kórikemlik-estetikalıq tápeplerine de itibar beriwi kerek.Muzey materialları haqqında maǵlıwmat beriwshi joqlıq eksponattı táriyplew waqtında álbette sal eksponattıǹ barlıq táreplerin esten shıǵarmay aytıp beriwi kerek.

Muzeyde keste tigiw ónerin kórsetetuǵın bóliminde sayaxatta bolǵanda mektep oqıwshılarına milliylik belgilerimizden maǵlıwmat berilip atırǵanda tómendegiler haqqında aytıp ótiw orınlı:

Qaraqalpaqsha keste tigiw qal-óneri xalıq sheberliginiǹ ájayıp úlgilerine iye. Geypara kesteli kiyim, kiyimniń bólegi, naǵıs túrleri, alardıǹ ornalasıw kompozitsiyası, reǹleri basqa qoǹsılas yamasa ulıwma túrkiy xalıqlarda ushıraspaydı. Demek, al tákirarlanbaytuǵın ózgeshelikke iye.

Qaraqalpaq keste óneriniń ájayıp úlgilerinen biri - kók kóylek. Al kelinshek hám jas hayallardıń kiyimi. Kók kóylek boyań kóylek dep te ataladı. Al qaraltım kók reńge boyalǵan bózge qızıl, sarı sabaqlar menen kestelenedi. Naǵıslar jaǵadan baslanıp, eki óńirin boylap kóylektiń aldıńǵı etegine deyin hám eki jeńniń ushında baladı. Teńiz boyındaǵı awıllarda jasawshı yamasa sal jaqtan qırǵa kóship kelgen eski adamlar kók kóylektiń naǵısın «Sawıt naǵıs» dep ataydı. Sonıń menen birge naǵıssız kók reǹ qaraqalpaqlarda qayǵı-matamnıń belgisi shókkishn.

Muzey materiallarınıń bunnan basqa de eksponatları haqqında mektep oqıwshılarına, jaslarǵa túsinik berip barıw, bul arqalı watan súyiwshilikke tárbiyalaw - búgingi kún pedagogikasınıń baslı wazıypalarınan dep sanaymız. Sebebi watan súyiwshilik túsiniklerdi kelesi

áwladqa jetkeriwshi - bular jaslar. Al watan súyiwshilik tárbiyası bolsa, óz gezeginde basqa tárbiya túrleri menen, ásirese miynet súyiwshilik tárbiya beriw menen de tıǵız baylanıslı.

Muzeyge sayaxatlar juwmaǵında oqıwshılar belgili maqsetler tiykarında durıs hám anıq juwmaqlarǵa iye baladı. Bul boyınsha oqıwshılar menen:

- soraw-juwaplar ótkeriw;
- janlı sáwbetlesiwler shólkemlestiriw;
- sayaxat juwmaǵı retinde albomlar, slaydlar tayarlaw;
-sayaxattan alǵan bilim hám tásirleri boyınsha erkin temada dóretiwshilik shıǵarma jumısların orınlaw taǵı basqada ilajlardıǹ alıp barılǵanlıǵı durıs baladı.

Bizge málim bolǵanınday Respublikamızda bir qansha muzeyler bar. Alardan İ. v. Savitskiy atındaǵı úlketanıw muzeyi, A. Shamuratovanıǹ úy muzeyi usı sıyaqlı muzeyler menen bir Katarda ayırım mekteplerdegi hám mekemelerdegi, balalar baqshalarındaǵı, sal mekemeniǹ tariyxıy jolın kórsetiwshi yamasa qaraqalpaq milliy mádeniyatın sáwlelendiretuǵın eksponatlar menen bezetilgen muzeylerdi de ayrıqsha atap ótiw tiyis. Joqarıdaǵı mámleketlik muzeyler menen bir Katarda usınday bilimlendiriw mekemelerinde óz imkaniyatlarınan kelip shıqqan halda muzeyler shólkemlestiriw hám mektep oqıwshıların watan súyiwshilikke tárbiyalawda alardan ónimli paydalanıw oǵada áhmiyetli wazıypalardan sanaladı.

Asirese watan súyiwshilik tárbiyasın beriwdi kisi mektep jasındaǵı balalardan baslaǵan maqul. Sebebi bala kishkene jasınan-aq watan súyiwshilik ruwxında tárbiyalanıp barsa, úlkeye kele alarda tárbiyalıq kóz-qaraslardı bekkemirek qáliplestiriw jeńilirek baladı dep bolsaplaymız.

Respublikamızdaǵı ayırım mektep oqıwshıları turmısında qaraqalpaq kórikem-óneri, milliy mádeniyatı bekkem orın alıp atır. Al balalardı tárbiyalawdıń hám rawajlanıwdıń, alardı mádeniyatlılıqqa hám watan súyiwshilikke úyretiwde tárbiya quralı baladı.

Muzey materialları arqalı tárbiyalawǵa bilimlendiriw sistemasında ulıwma orta bilimlendiriw mekemeleriniǹ xızmetkerlerine balalardıń dóretiwshilik uqıpların rawajlandırıwda hám mádeniy miyrasqa itibarlı qatnas jasawǵa tárbiyalawda qaraqalpaq kórikem-ónerin paydalanıw boyınsha oǵada úlken juwapkershilik júkleydi.

Mektepte muzey dúzgende belgili xana ajıratılıp yamasa oqıw xanalarınan belgili «múyesh» ajıratılıp, ásirese, joqarı klass oqıwshılarına ózleri qalları menen islegen buyımlardıń mektep muzeyine tapsırılıp, mekteptiń kórikine kórik qosatuǵınlıǵı, hár qanday eksponattıń tómenine onı islegen oqıwshılardıń atı, famılıyası jazıp qoyılatuǵınlıǵı, onı mektepke ata-anaları kelgende óz balalarınıń qalları menen islegen buyımların kórip, kózleri quwanıp zawıqlanatuǵınlıǵın oqıwshılarǵa jeńil til menen túsindiriw kerek.

Bul arqalı basqa barlıq islerde balatuǵınlıǵı sıyaqlı oqıwshılarda boyawlıqlew úlgisi payda baladı. Al usı úlgi alardıǹ jumısın baǵdarlap baradı. Mine usınday jaǵdayda muǵallimlerdiǹ qolı menen islegen eksponatları úlken rol' aynaydı. Eger de usını muǵallim oqıwshılardıń kóz aldında islese, oqıwshılar pedagogikasınıń negizleri payda baladı, usı birge islesiwdi basqalar de, ásirese ata-analar de qollap-quwatlaydı dep oylaymız.

Muzeydi eksponatlar menen bayıtıwda hám shólkemlestiriwde mektep jámáátiniń ata-analar menen baylanısın ayrıqsha atap ótiw tiyis. Ásirese, oqıwshılardıǹ qaraqalpaq bezew, kórikem-óner, qaraqalpaq xalqınıǹ salt-dástúrlerine degen qızıǵıwshılıǵı qanshama dárejede artıp baratırǵanlıǵına kózi jetken ata-analar óz úylerinen xalıq sheberleri kestelengen kiyim-

kensheklerdiń ayırım úlgilerin, hasıl taslardan islegen bezewlerdi, xojalıq buyımların ákelip, muzeyge sawǵa etkenligin ayrıqsha atap ótiw orınlı. Sebebi muzey materialları arqalı mektep oqıwshılarına bilim beriw, alardı watan súyiwshilikke tárbiyalaw tek tárbiyashı hám pedagoglardıń ǵana emes, al ata-analardıń de wazıypası bolıp bolsaplanadı.

Haqıyqatında de oqıwshılardı watan súyiwshilikke tárbiyalawda muzey matiyallarınıń tutqan ornı oǵada ullı. Elimizdiń basshısı hurmetli prezidentimiz Sh. M. Mirziyoevtiń aytqanınday aq «Ótmishti, tariyxtı úyrenbey turıp keleshek haqqında pikirlew múmkin emes» degen oǵada mazmunlı pikirleri maqalamızda sóz etilgen muzey materiallarınıń oqıwshılardı watan suyiwshilikke tárbiyalawdaǵı áhmiyetin jáne bir mártebe tastıyqlaydı.

**REFERENCES**

1. Мирзиёев Ш.М. Эркин ва фаровон, демократик Ўзбекистон давлатини биргаликда барпо этамиз. - Т.: “Ўзбекистон”, 2016.
2. Мирзиёев Ш.М. Танқидий таҳлил, қатъий тартиб - интизом ва шахсий жавобгарлик – ҳар бир раҳбар фаолиятини кундалик қоидаси бўлиши керак. - Т.:” Ўзбекистон”, 2017.
3. Ибрагимов Х.И. Абдуллаева Ш.А //Педагогика. Тошкент Фан ва техзнолгия. Нашр.w00u
4. Убайдуллев *. Манавий тарбиянинг узлуксизлигини таминлаш. //Тарбия журн. Тошкент w00i r-сон (w0) u-бет.
5. Ochilov Z. Sinfdan tashqari tarbiyaviy ishlarda kasbga yollashni shakllantirish.
6. T: “Oqituvchi”, 1996.

Internet saytları:

7. www. tdpu. Uz
8. www. pedagog. Uz
9. www. Ziyonet. uz